



BENZOLIV ou Doliv (Morenga)

Tout boujon yo oubyen jenn fèy pyebwa sa a vrèman bon pou la sante. Ou ka mete'l nan tout soup ak lòt manje tou.

Yo itilize nan lagrikilti konpòs fèy benzoliv la melanje ak dlo pou flite nan tè, yo itilize pou angrè tou. (compost)

Bèt renmen manje fèy morenga a anpil.



Nan konsomasyon plant lan w'ap jwenn :

7 fwa plis **Vitamin C** ke nan zoranj



4 fwa plis **Vitamin A** ke kawot



4 fwa plis **kalsyòm** ke yonvè lèt



3 fwa plis potasyòm ke fig



2 fwa plis pwoteyin ke ze



8 fwa plis fè: eleman kont anemi ke epina



Nan nivo Sante :

✘ Benzoliv la gen tout asid amine ki esansyèl pou òganis la.

✘ Li ede nou evite maladi.

✘ Li pèmèt san nan kò nou byen sikile.

Kiltivasyon plant la :

✘ Li reziste nan moman sechrès.

✘ Ou ka simen grenn li ouswa plante yon chouk nan tè.

✘ IL pouse byen vit.

✘ L'ap pouse ankò pou kont li menm lè ou koupel.

✘ Ou ka mete fèy li seche nan solèy pou fè yon poud ke ou ka mete nan nenpòt manje w'ap fè .



**ASSOCIATION
ENFANTS – SOLEIL HAÏTI**